

Legliz, kanmenm, pitit li yo dwe se legliz ki pi pitit yo, men, piti kou l ye, ki gen anpe nan doktrin li yo.

LÒT BAGAY : Fanm pye lejè sa, Babilòn, se yon manman pitit, li gen pitit fi. Nan Kredo pap Pie IV (4) la nou jwenn deklarasyon sa : « Mwen rekonèt legliz womèn nan, li menm ki San defo, Katolik, Apostolik, tankou manman ak mèt tout legliz yo » - (Joseph Faa Di Bruno, Catholic Belief, p. 253).

Mo « Babilòn » nan vle di melanj tout kalte (Revelasyon 14.8). Kidonk « Gran Vil Babilòn » nan se yon ekspresyon Bondye itilize pou l pale de tout legliz nan mond lan ki gen [yon] menm manti pa rapò a verite Bondye, legliz sa yo va mare sosis yo ansanm pou yo fè presyon sou nasyon yo pou yo suiv yo nan belijeran y ap fè kont verite Bondye a epi y a maspinen pèp Bondye a. Se menm pèsekisyon nan lane 1500 yo k ap rekòmanse.

TAFYA IMORALITE L LA Revelasyon 14.8 Gran Vil Babilòn nan, ki fè tout nasyon yo sou ak tafya mechanste imoralite l yo.

Mo imoralite a (Porneia) vle di : pye lejè spirityèl. Jeremi 3.6, 20 « Nan epòk wa Jozyas la, Letènèl di m : Èske w wè sa Izrayèl, pye lejè a, fè ? L ale depi se kote k gen montay ak pyebwa, li tanmen kouche ak moun. Men, tankou yon fanm k ap fè penda sou nèg li, se konsa n pa fidèl ak mwen, pèp Izrayèl la, se sa Letènèl di ».

SATAN PASE OTORITE BONDYE ANBA PYE

Bondye denonse Babilòn tankou sila « ki fè tout nasyon yo sou ak tafya mechanste imoralite l yo » (Revelasyon 14.8). Bondye fè mond lan nan sis jou, epi l repoze setyèm jou a, li fè jou sa sen, li mete l apa pou tèt li, yon fason pou pèp li a, nan tout jenerasyon alawonnbadè, obsève l. Men, majòndonn peche a, bat lestomak li, kòm kwa Bondye pa anyen devan l, sila a ki chita nan tanp Bondye a epi ki fè konnen se li k Bondye [a], ap gen lide chanje tan yo ak lwa a. Nonsèlman pouvwa sa fè kwè li menm ak Bondye egalego, men l sou tèt Bondye, li chanje jou repo a, li mete premye jou a nan plas setyèm nan. Epi pwotestan yo aksepte zèv sa pap la fè a tankou se nan Bib la sa soti. Nan Pawòl Bondye a se sa yo rele « imoralite l la » (Revelasyon 14.8).

Nou menm k ap li sa, nan Lanmou l, Bondye pwomèt nou l ap vin ede n malgre tout tèt chaje k ap rive mond fènwa sa, mond bwouya sa, k ap pèsiste nan pase prensip Bondye yo anba pye ak lòt premye prensip pou konsève lavi chak grenn moun yo. Bondye rele kèlkilanswa moun ki vle obeyi l la konsa : « Soti nan mitan yo, pèp mwen an, se pou chak moun chape poul li, nan kouri pou kòlè san limit Bondye a » (Jeremi 51.45).

« Epi m tande yon vwa ki sot nan syèl la : Soti nan mitan yo, pèp mwen an, yon fason pou n pa patisipe nan peche l yo, pou pichon l yo pa tonbe sou nou » - Revelasyon 18.4. « Ou menm ki abite Siyon, lakay pitit Babilòn nan, kouri soti rapid vit » (Zakari 2.7).

Zanmi, se pou n toujou vle rete pi pre ansèyman Bib la, san nou pa eseye tòde sa Bib la di.

Se pou Bondye ede n !

Jezi ap vini talè konsa !

Jude Jean Misère, Pastè



Mesaj sa se yon koutwazi **Mouvement Évangélique des Ouvriers de la Dernière Heure (MEODH)**

Sit Entènèt: www.meodh.org • Imèl: laicenmarche@gmail.com
Telefòn : (631) 949-6964 / (203) 247-0596 / (703) 244-8480

Dènnye mesaj pinga Bondye a pou tout PLANÈT la

(Dezyèm zanj Revelasyon 14.8 la)



Tout bagay rive nan bout yo. Jou jijman an rive sou nou. Se moman pou w deside pou w met tout bagay an règ ak Jezi.

Li mesaj sa, aplike l nan lavi w epi w p ap regret anyen demen.



www.meodh.org; www.laicenmarche.org

Pwofesi sou TONBE BABILÒN nan



Katozyèm chapit Revelasyon an se youn nan chapit ki pi enpòtan nan liv sa. Nou kapab konprann chapit 12 ak 14 yo se dènye bout revelasyon Senyè a konsènan bonjan Legliz Jezi a. Li enpòtan pou n etidye yo ak anpil atansyon.

Nan twa kri sa yo nan Revalasyon an, Jezi mete limanite devan lavni pèsònèl li. Lavni sa depann de chwa chak moun. Desizyon pou osnon kont Bondye ba n posibilite pou n nan mitan sila k ap sove yo osnon sa k ap pèdi yo. Twa mesaj Revelasyon 14 yo se tankou bousòl pou kreyen an suiv pandan l ap goumen pou l jwenn lavi ki p ap janm fini an (Jan 3.16).

Si premye kri zanj Revelasyon 14.7 envite tout moun alawonnbadè pou gen krentif pou Bondye, pou ba l glwa epi adore l, li menm ki se Kreyatè tout bagay nèt, dezyèm mesaj la, nan Revelasyon 14.8, se yon pinga pou tout mond lan, men, sitou pou sila ki pa aplike mesaj premye zanj lan nan lavi yo.

Se pandan Lanperè Domisyen te depeyize Jan, pitit Zebede a, sou zile Patmòs, ki twouve l nan lanmè Eje sou kòt ti Azi a (aktyèl peyi Tiki), li rapòte vizyon sa yo l te gen privilèj viv. Nan Revelasyon 14.8 Jan deklare : « Epi gen yon lòt zanj, yon dezyèm vini annapre, l ap di : ‘Li tonbe, l tonbe, gran vil Babilòn nan tonbe, li menm ki fè tout nasyon yo sou nan tafya imoralite l la ».

LI TONBE, L TONBE, GRAN VIL BABILÒN NAN. Non Babilòn nan soti nan de mo : « Bab » (pòt) ak « el » (dye). Nan lang akadyen yo se Babilu, pòt fo dye yo. Mo BABILÒN nan fè n sonje yon vil nan tan lontan nan Mezopotami. Mo sa se peyi ki ant « flèv dlo yo », Tig la ak Efrat. Akeyològ yo ak istoryen yo pansè yo jwenn restan vil sa nan yon distans 160 kilomèt a vil Bagdad, aktyèl kapital Irak.

KISA K TE DI KONSÈNAN ANSYEN BABILÒN NAN ?

Ezayi 13.19, 20 : « Babilòn, pi bèl pase tout vil yo, fyète Kaldeyen yo, ap vin tankou Sodòm ak Gomòr, yo menm Bondye te detri. Moun p ap janm ret ladan ankò, l ap ret san moun ; Arab la p ap pran poz la ankò, epi gadò yo p ap janm mennen twoupo [mouton] yo la ».

Jeremi 51.26, 37, « Yo p ap vin pran lakay ou ni wòch ki pi enpòtan nan konstriksyon an, ni wòch pou fè sòl ; Paskè w ap tounen dekonb pou toutan, se sa Bondye di... Babilòn ap tankou yon pil dekonb, yon repozwa bèt sovaj, yon bagay ki bay plezi ak dlo nan je ; pèsonn moun p ap ret la ». Al kote Babilòn te ye a epi n ap wè se yon restan vil, jan Bondye te anonse sa.

N ap wè pawòl Zanj Revelasyon 14.8 la pa gen okenn rapò ak ansyen vil nou sot pale de li a. Dapre pifò istoryen yo, Aleksann Legran (331 anvan J.C.), te pran vil sa pou fè kapital tout Azi a. Lè Aleksann vin mouri, sila ki pran larelèv yo, bann Selesid yo, bandone vil la kèk tan annapre, vil la depafini. Se konsa, lè Jan vin gen vizyon sa konsènan mesaj dezyèm zanj lan, vil Babilòn sa pa t la ankò. Li te deja disparèt. Kounye la nou kapab poze tèt nou kesyon sa : De ki Babilòn y ap pale nan tèks la ? Dapre tout bon sans, mo Babilòn yo sèvi ak li la a, gen yon sans senbolik. Nou jwenn yo mansyone non sa pou lapremye fwa nan Jenèz 11.6-9.

Tout jan n brase listwa, Babilòn se senbòl radyès melanje ak penmèt, belijeran ak mepriz nan sa k gen pou wè ak volonte Bondye. Gwo bilding Babèl la, se yon konstriksyon ki selebre apostazi, se yon gwo chato ki reprezante tèt rèd kont Bondye. Vèb sa yo : disparèt, konfonn ak bouye, an ebre, soti nan Babèl... Kidonk, Babilòn se yon senbòl melimelo yon mond ki lwen benediksyon Bondye.

KARAKTERISTIK BABILÒN MISTIK LA – Ansyen Kontra a souvan met dozado Babilòn ak Jerizalèm, site Bondye a. Babilòn se vil vèmin ki pa janm kite moun anpè, ki gen pou wa yon modèl Satan menm (Ezayi 14.4-23 ; 48.20 ; ak Jeremi 51.9-11). Nan mesaj dezyèm zanj lan se yon sistèm relije ki lwen ansèyman diven yo, ki lage kò l nan tout kalte tradisyon ak melimelo, epi plen ak doktrin degrenngòch. Menmsi l bèl pase sa w pa konnen, epi l rich ak byen latè, sistèm relije sa obeyi Bondye vaykevay. Li pa bay koze « se Letènèl k ap pale » a okenn enpòtans, li pran pretèks li kapab mete sou menm tab filozofi ak tradisyon moun epi l fè pawòl li yo tounen lwa.

Apot Jan prezante Babilòn tankou yon fanm (Revelasyon 17). Fanm sa depaman nètalkole ak fanm san defo a (Revelasyon 12.1, 2), senbòl bonjan Legliz Jezi a, legliz ki gen kwayans li yo, ansèyman l yo ak zèv li yo ki chita sou Pawòl ekri sèlman an, BIB la.

Bagay ki idantifye Babilòn mistik la men kisa yo ye : Revelasyon 17.1-5.

- 1) Li chita sou anpil dlo (Revelasyon 17.15), sa vle di foul moun, pèp, nasyon ak lang. An rezime, legliz popilè, invisèl, ki pa vle fè okenn akò ak lòt.
- 2) Bèt wouj grenn a : Bèt Babilòn dwe chita sa sou li a se bèt Danyèl 7.8 pale a, sou senbòl yon ti kòn, yon onzyèm kòn, onzyèm pouvwa osnon onzyèm puisans.
- 3) Wouj grenn a : an Grèk se de mo ki tradui l : « kokkinos », « porfura » tou wouj, wouj vyolèt, wouj wouj...
 - a) Se koulè peche a (Ezayi 1.18).
 - b) Nou jwenn li 6 fwa nan Nouvo Kontra a : Matye 27.28; Ebre 9.19; Revelasyon 17.3, 4; 18.12, 16.

Sitou nan Matye 27.26-29, sòlda women yo mete yon wòb wouj grenn sou Jezi pandan y ap pase l nan tenten : li se wa juif yo. Wouj grenn, wouj vyolèt senbolize pouvwa Wa. Se de koulè ofisyèl gwo sistèm relije ki plen pouvwa a, ki konpòte l tankou yon wa e ki gen pouvwa toupatou sou latè (Revelasyon 17.10-18).

GWO DANJE POU ABITAN 21nyèm SYÈK LA YO - Moun alèkile yo, menm jan ak sila nan tan pwofèt Ezayi a (Ezayi 1.3), derefize konnen, tandè epi koube yo anba volonte Bondye. Se konsa yo tonbe nan peche Babilòn yo, sa ki tankou yon pèlen lenmi an tann pou yo, nan lide pou l pèdi tout kantite moun li kapab.

BABILÒN, MANMAN IMORAL YO – Revelasyon 17.4, 5 – apre lekti de tèks Revelasyon 17 yo, sa merite pou n pran Bib la pou n byen analize sa nan lide pou n pa bwouye nan desizyon n ap pran pou Kris la. De tèks sa yo nan Revelasyon montre plizyè peche Babilòn :

1. Li met yon rad wouj grenn
2. Li gen yon latriye bijou an lò sou li
3. Li gen yon kalte lòt bijou ra sou li

Pawòl Bondye a kondane koze mete bijou a ak tout lòt kalte dekorasyon ki sanble ak bijou (Egzòd 21.1-6; 33.4-6; Ezayi 3.16-22 ; Jenèz 35.1-4, se zidòl yo ye ; 1 Timote 2.9-10 ; Ezekeyèl 16.1-5 chita sou pye lèjè yo ak moun k ap mennen move lavi yo).

Babilòn ki nan Revelasyon 17 la tankou yon rapas ki manje bagay santi sèlman, li fè tout vye bagay nèt. Li pa respekte kò l ki se tanp Lespri Sen an, 1 Korentyen 6.12-20.

MAMAN TOUT VÈMIN YO (Revelasyon 17.5) : Se yon imaj ki di n li gen pitit. Pitit li yo sanble ak li tèt koupe epi yo suiv li nan tout sa l ap fè. E si fanm vèmin sa se senbòl yon gwo